

Fòmasyon Nan Travay la



Èske w te konnen?

Antrepriz ki patisipe nan Fòmasyon nan Travay la (On-the-Job Training, OJT) oswa nan estaj pou moun ki gen andikap gen 4.5 fwa plis chans pou anplwaye moun ki gen andikap.

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) ede moun ki kalifye ki gen andikap fizik oswa mantal jwenn oswa konsève yon pi bon travay.

Kisa Fòmasyon Nan Espas Travay ye?

On-the-Job Training (OJT) se yon okazyon pou patwon an ankadre yon moun ki gen andikap, lè li ede l devlope konpetans ki nesèsè pou l reyalize objektif karyè li.

Pandan OJT a, estajyè a entèraji regilyèman ak anplwaye ki pa gen andikap, okipe yon pòs regilye, epi yo peye li omwen salè minimòm nan. OJT ede moun ki gen andikap abitye ak anviwònman travay la pandan y ap fè bonjan eksperyans pwofesyonèl.

Kilès ki Òganize Fòmasyon nan Espas Travay?

Pèsonèl VR oswa moun ki bay travay ap òganize yon OJT epi kowòdone plasman moun nan nan fòmasyon an ak tout sèvis suivi ki nesèsè. Tout pati yo ap travay an kolaborasyon sere sere pou devlope yon eksperyans OJT ki ap pwofite ni estajyè a ni patwon an.

Après fòmasyon an fin kòmanse, pèsonèl VR oswa yon pwofesyonèl nan travay kontinye ofri estajyè a ak patwon an sipò, ak èd konsènan bil.

Pwogram Fòmasyon Nan Espas Travay

Èske w te konnen?

Antrepriz ki patisipe nan OJT oswa nan estaj pou moun ki gen andikap gen 4.5 fwa plis chans pou anplwaye moun ki gen andikap.

Avantaj pou Patwon

Lè ou patisipe nan OJT, ou gen opòtinite pou w verifye si travay la ak antrepriz ou a byen koresponn ak estajyè a. Lòt avantaj VR bay se kapab:

- Ranbousman salè, enpo ak avantaj estajyè a.
- Sèvis Sipò (pa egzanp, inifòm, enstriman, kat abònman bis).
- Evalyasyon espas travay ak lojman ki nesèsè.
- Pwoteksyon kont Aksidan Travay pou granmoun ak jèn ki patisipe nan yon eksperyans pwofesyonèl.

Kouman Mwen Kapab Patisipe?

1. Yon pwofesyonèl travay VR oswa antrepriz ou a kapab vin yon patwon ofisyèl pou yon OJT. Ale sou Nouvo Vandè sou sitwèb VR la at http://rehabworks.org/vendors_new.shtml pou w konnen kijan pou w enskri pou w vin yon vandè.

VR kapab ede w ak aplikasyon an oswa ede w suiv konsiy sou ribrik "Kijan pou Ou Enskri pou Ou Vin yon Vandè." Pou plis enfòmasyon, kontakte sèvis Enskripsyon Vandè nan 866-580-7438 oswa pa imèl nan VRVendors@vr.fldoe.org.

2. Kowòdone yon akò ak pèsònèl VR ak estajyè ki etabli salè, tip ak dire fòmasyon an epi ki fè lis frè ki lye ak fòmasyon an. Nou pa kapab tann pou n travay ak ou pou kreye pi bon eksperyans fòmasyon posib pou tout pati ki konsène yo. Pou plis enfòmasyon, kontakte yon reprezantan relasyon komèsyal VR nan VRBusinessRep@vr.fldoe.org.

Reyalite kont Mit

Mit: Lojman ap koute twò chè.

Reyalite: Pifò lojman yo gratis oswa yo koute mwens pase \$500, epi VR ap ba ou konsèy sou fason pou w fè ebèjman, si sa nesèsè.

Mit: Si mwen anplwaye yon moun ki gen andikap, m ap bezwen ba li yon fòmasyon apwofondi.

Reyalite: VR ofri kandida ki kalifye ki pare pou travay oswa li ofri OJT pou fòme anplwaye a pou travay la kòrèkteman.

Mit: Anplwaye mwen yo pa alèz pou yo travay ak yon moun ki gen andikap.

Reyalite: Moun ki gen andikap kapab gen yon efè pozitif sou kòlèg yo, epi VR ofri Fòmasyon sou Sansibilizasyon konsènan Andikap sou plas ak a distans.

Mit: Pa gen avantaj nan anplwaye yon moun ki gen andikap.

Reyalite: Moun ki gen andikap gen mwens absans planifye epi yo rete pi lontan nan travay la pase moun ki pa gen andikap. Sa ede antrepriz yo redui pri wotasyon tou.

Mit: Patisipe nan OJT koute twò chè.

Reyalite: VR ap peye inifòm, verifikasyon antesedan ak lòt frè ki nesèsè pou estajyè a, ni ekipman espesyalize. Estajyè touche kòm tout lòt anplwaye epi VR ranbouse patwon an salè brit la.

Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850-245-3401



850-245-3394



VRBusinessRep@vr.fldoe.org



www.RehabWorks.org



Division of Vocational Rehabilitation
Business Relations Unit
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè ed finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen ed ak sèvis ed ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2020 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$153,000,001. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$41,409,148). Yo revize li ann oktòb 2020.